

POLITIK AK PWOSEDI ADMINISTRATIF

SIJÈ: POLITIK ÈD FINANSYE

NIMEWO:

PWOPRIYETÈ: Biwo Prezidan an

DAT MIZANPLAS: 11/2013

DAT REVIZYON: 04/2019

RANPLASE: 4/18

REFERANS:

OBJEKTIF:

Gen yon misyon k ap dirije Lopital (Sant Sante) Montefiore Mount Vernon pou bay tout pasyan li yo bon kalite swen sante. Nou pran angajman pou sèvi tout pasyan nou yo, menm sa ki pa gen pwoteksyon asirans sante nan zòn kote n ap bay sèvis nou an ansanm ak moun ki pa ka peye swen sante enpòtan yo resevwa nan lopital la ditou oswa yo pa ka peye tout. Nou angaje nou pou n sèvi pasyan nou yo ak amou, soti bò kabann nan rive nan biwo bòdworasyon an, menm nan fason n ap touche pou sèvis la. Anplis, nou angaje nou pou n fè yon pledwaye pou plis moun jwenn aksè nan pwoteksyon asirans sante pou tout Nouyòkè.

Sant Sante a pran angaje li pou li kenbe politik èd finansye ki koyeran ak misyon li ansanm ak valè l ap defann epi ki pran mwayen yon moun genyen pou li peye sèvis swen sante ka li nesese.

GRAN LIY POLITIK LA:

Objektif politik sa a se prezante oryantasyon Sant Sante a konsènan asistans finansye l ap bay pasyan ki bezwen swen ijan oswa swen sante ki nesese epi ki pa gen asirans sante oswa ki fin epize tout sous pèyman asirans yo. Se pasyan ki pwouve yo pa gen mwayen pou peye nou bay èd finansye a, se pa moun ki pa vle peye nou konsidere kòm move pèy. Politik la anglobe tout sèvis yo bay nan Montefiore Mount Vernon, klinik maladi atrapan ak ACT/ICM (Pwogram Sante Mantal).

1. Èd finansye a ap disponib pou:

- Pasyan ki pa asire k ap resevwa sèvis sante nesese oswa swen ijan epi k ap viv nan zòn lopital la ap bay sèvis primè (Al gade anèks A pou Griy ak Nivo Èd Finansye yo); epi
- Pasyan k ap viv nan zòn lopital la ap bay sèvis primè ki fin epize tout avantaj medikal yo te gen pou swen sante nesese oswa pou swen ijan.

- Sof pou sèvis ijans, pasyan yo dwe reside nan zòn lopital la ap bay sèvis swen primè pou yon sèvis espesyal ka kalifye kategorikman pou èd finansye. Zòn lopital la ap bay sèvis swen primè a se Eta New York. Pasyan ki pa rete nan Eta New York la k ap resevwa swen ijans kalifye pou asistans finansye.
- Y ap detèmine kalifikasyon pou asistans finansye pou swen ki pa swen ijan pou pasyan ki pa rete nan Eta New York ka pa ka epi Vis Prezidan an dwe apwouve li. Si yo apwouve yon pasyan pou l resevwa asistans finansye pa eksepsyon, y ap sèvi ak menm kritè yo sèvi pou pasyan ki rete nan zòn sèvis swen primè a (revni brit ak gwo sè fanmi ki lye ak nivo povrete federal la).
- Pou kontinwite swen yo, yon Vis Prezidan ka apwouve yon sèvis ki pa sou asirans tankou sèvis reyabilitasyon tankou swen lacharite (tankou sèvis reyabilitasyon, swen espesyalize, eksetera).
- Entèvansyon fakiltatif ki pa nesè medikalman (tankou chiriji kosmetik, tretman pou enfètilite) pa kalifye pou èd finansye. Pasyan ka jwenn rediksyon sou sèvis ki pa asire y ap peye pou kont yo.
- Politik èd finansye suiv oryantasyon EMTALA yo.
- Politik èd finansye sa a sèvi pou sèvis ki pa garanti yo epi ki pa nesè medikalman tou ak pou frè ki pa garanti pou jou an plis dire sejour yon pasyan ki kalifye oswa ki gen asirans Medicaid ki ranpli kritè politik lopital la.

2. Lopital la pa mete limit pou sèvis dapre eta sante yon pasyan.

3. Biwo èd finansye yo twouve yo nan:

- 12 North 7th Avenue Mt. Vernon, NY 10551 Main Cashiers Office: 914-361-6899, [imèl la se MVFinancialAssistance@montefiore.org](mailto:MVFinancialAssistance@montefiore.org).
- 16 Guion Place, New Rochelle, NY 10801 Main Cashiers Office: 914-365-3812, [imèl la se NRFinancialAssistance@montefiore.org](mailto:NRFinancialAssistance@montefiore.org).

Kopi papye politik èd finansye yo, rezime èd finansye a, ak/oswa aplikasyon èd finansye a disponib sou demann, san frè, pa lapòs oswa pa imèl. Ou ka voye demann pa imèl bay MVFinancialAssistance@montefiore.org Ou ka jwenn yo sou sit entènèt lopital la sou: <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69>.

4. Pasyan ki pa gen asirans k ap resevwa swen nan divès klinik pou pasyan ki pa entènè nan lopital la ka aplike pou èd finansye nan moman y ap fè dosye nan klinik la. Tout pasyan k ap pran sèvis nan tout Montefiore ka al nan biwo èd finansye non li make pi wo a pou yo kòmanse oswa konplete oswa aplikasyon yo.
5. Y ap detèmine kalifikasyon pou èd finansye a pi vit posib nan pwosesis planifikasyon swen an. Konseye yo ap asiste tout pasyan ki bezwen asistan pou yo ranpli aplikasyon èd finansye. Lopital la p ap janm retade sèvis ijans pandan kalkil finansye. Pasyan ka aplike pou èd finansye a avan sèvis oswa aprè yo fin resevwa yon bòdwo. Pasyan ka aplike pou èd finansye aprè yo fin voye bòdwo a bay yon ajans kòlèk tou. Pa gen delè pou yon pasyan k ap pran swen pou li fè demann pou ranpli yon aplikasyon èd finansye.
6. Apwobasyon èd finansye ap valab pou yon ane. Y ap re-evalye pasyan pou èd finansye chak ane.

7. Nou espere pasyan oswa moun ki responsab yo finansyèman ap kowopere ak lopital la pou aplike pou pwoteksyon asirans piblik ki disponib (tankou Medicaid, Child Health Plus ak Qualified Health Plans (pandan enskripsyon lib) si li panse li kapab kalifye avan dènye kalkil èd finansye yo fèt. Kalifikasyon pou èd finansye pa depann de aplikasyon pou Medicaid ni yo p ap retade yon desizyon pou tann yon desizyon Medicaid.
8. Y ap sèvi ak revni ki lye a politik ki pibliye sou revni FPL ki adapte ak gwosè fanmi an pou evalye kalifikasyon yon pasyan pou èd finansye. Y ap pran desizyon yo sou baz revni anyèl sèlman. Yo p ap konside byen.
9. Sant Sante a ap verifeye revni aktyèl la. Men prèy revni ki akseptab:
 - Deklarasyon chomaj
 - Lèt ki di pasyan resevwa sekirite sosyal/pansyon
 - Souch chèk/lèt verifikasyon chomaj
 - Lèt asistans
 - Lèt atestasyon ki bay esplikasyon sou revni, asistans ak/oswa sityasyon ekonomik aktyèl si pa gen lòt prèy revni disponib
10. Pèsonèl finansye a ap disponib pou bay konsiltasyon sou èd finansye a. Y ap analize aplikasyon pou èd finansye yo pi y ap decide sou yo rapidman nan yon delè 30 jou ouvran pou sèvis ki pa ijan. Pasyan yo gen 30 jou pou yo fè yon kontestasyon kont yon premye desizyon sou èd finansye. Pasyan yo ap resevwa desizyon sou èd finansye a pa lapòs, avèk yon nòt anba lèt apwobasyon/refi a ki esplike kòman yo ka fè kontestasyon kont desizyon an. Nou konseye pasyan yo pa konsidere okenn bòdwo yo resevwa pandan y ap travay sou yon aplikasyon. Yo pa dwe voye kont pasyan ki ranpli aplikasyon pou èd finansye nan kòlèk pandan y ap travay sou aplikasyon yo.
11. Yo dwe kominike pasyan, pèsonèl ajans sèvis kominotè lokal yo yon avi sou politik èd finansye Sant sante a. Politik Sant Sante a sou èd finansye dwe disponib nan plizyè lang (espanyòl, pòtigè brezilyen, Arab, kreyòl ayisyen, ak italyen) pou tout moun ki chache enfòmasyon sa yo kote sa yo:
 - Biwo admisyon
 - Biwo Enskripsyon Sal Ijans
 - <https://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69>
 - Pa lapòs sou demann
 - Lè yo kontakte biwo èd finansye a nan 914-361-6899 oswa pa imèl sou MVFinancialAssistance@montefiore.org.

Yo fè piblisite pou disponiblite èd finansye sou:

- Sou tout dokiman faktirasyon lopital la
- Yo poste afich nan pòtay pou di pasyan kote sal èd finansye a ye.
- <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69>
- Sou fòm pakè kesyon ak enfòmasyon sou sèvis entè-anyèl ki pa sèvis klinik
- Afich sou mi nan Depatman Ijans, Biwo admisyon, Faktirasyon, Biwo Medicaid ak lòt espas enskripsyon an atant

Tout pèsonèl admisyon, enskripsyon, ak kòlèk fòm sou politik èd finansye Sant Sante a. Gen yon sèvis entèn nan tout zòn kote ki gen enstriksyon sou kote pou yo voye pasyan ki bezwen asistans.

12. Pasyan yo ka fè kontestasyon kont desizyon sou èd finansye Sant Sante a si yo refize yo èd finansye a oswa si yo jije yon desizyon pa an favè yo. Pasyan k ap fè kontestasyon kont desizyon sou èd finansye dwe bay prèv revni y ak depans yo. Pasyan yo gen 30 jou pou yo ranpli aplikasyon kontestasyon a y ap enfòmasyon yo sou desizyon ki pran yo pa lapòs nan yon delè 30 jou apre yo fin remèt aplikasyon kontestasyon a. Dapre enfòmasyon pasyan yo ba yo, yo ka evalye yo pou lòt rediksyon oswa pou pwolongasyon plan pèyman.
13. Y ap ofri pasyan yo plan pèyman si yo pa kapab fè pèyman redui yo okonplè. Vèsman pa mwa p ap depase 10% revni pa mwa pasyan. Nou ofri plan pèyman pwolonje nan pwosesis kontestasyon a. Si yon pasyan fè yon depo, depo a antre nan pèyman balans èd finansye li. Sant Sante a pa pran enterè sou balans pasyan an.
14. Sant Sante a gen politik faktirasyon ak politik kòlèk separe. Ou ka jwenn li sou sit entènèt lopital la: <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69> oswa ou ka kontakte biwo èd finansye pou mande yon kopi di.
15. Pasyan yo ap resevwa yon avi 30 jou avan tout kont y ap voye bay ajans kòlèk lè yo pa fè demann oswa ranpli aplikasyon pou èd finansye, oswa lè yo pa fè vèsman sou yon balans asistans finansye.
16. **Kritè Ajans Kòlèk Primè:**
Depi yo voye yon kont nan ajans Kòlè Prensipal, y ap suiv pwosesis entèn yo a chache Medicaid ki aktif, verifikasyon adrès ak verifikasyon telefòn, swen kalifikasyon pou swen karitatif ki posib si li pa t pase nan triyaj deja, epi yon pwosesis retou pa lapòs. Lè pwosesis sa a fini, y ap fè travay kòlèk ki pi ba a:
- Voye 1-4 lèt omwens
 - Fè 1-4 apèl telefòn omwens
 - Y ap voye kont pasyan ki mouri oswa ki fè fayit tounen pou amòtisman
 - Y ap fèmen kont ki pou retounen pa lapòs epi ki pa gen nimewo telefòn sou yo epi y ap voye yo tounen nan MMC pou yo voye yo nan ajans kòlèk segondè.
 - Y ap fèmen kòlèk kont inaktif 180 jou apre dat referans lan epi voye yo nan MMC pou l voye l nan ajans kòlèk segondè a.

Kritè Ajans Kòlèk Segondè:

Depi yo voye yon kont nan ajans Kòlèk Prensipal, y ap suiv pwosesis entèn yo ak chache Medicaid ki aktif, verifikasyon adrès ak verifikasyon telefòn, swen kalifikasyon pou swen karitatif ki posib si li pa t pase nan triyaj deja, epi yon pwosesis retou pa lapòs. Lè pwosesis sa a fini, y ap fè travay kòlèk pi ba a:

- Voye 1-4 lèt omwens
- Fè 1-4 apèl telefòn omwens
- Y ap voye kont pasyan ki mouri oswa ki fè fayit tounen pou amòtisman
- Y ap fèmen kont ki pou retounen pa lapòs epi ki pa gen nimewo telefòn sou yo epi y ap voye yo tounen nan MMC pou amòtisman.
- Yap fèmen kòlèk kont inaktif 90-180 jou apre dat yo te retounen yo a epi y ap voye yo nan MMC pou amòtisman.

17. Sant Sante a entèdi kòlèk kont tout pasyan ki kalifye pou Medicaid nan moman y ap ba yo sèvis.
18. Tout ajans kòlèk ki afilye ak Sant Sante a gen yon kopi politik èd finansye Sant Sante epi y ap voye tout pasyan ki bezwen asistans nan Sant Sante a pou evalyasyon ak rediksyon faktirasyon selon revni anyèl ak gwosè fanmi a.
19. Pou Biwo Èd Finansye a mezire aplikasyon politik li a, l ap voye pwòp "kliyan silansye l" nan espas admisyon ak enskripsyon pou l asire l yo poste afich ak rezime epi yo disponib epi patenè yo konnen lopital la ofri èd finansye.
20. Y ap bay èd finansye ba pasyan ki gen bòdwo yo dwe peye pèsònèlman epi ki dwe epi ki gen asirans Medicaid.
21. Y ap bay pasyan ki pa gen kote pou yo rete èd finansye konplè. Rapò anbilans kapab yon sous referans si yo ekri pasyan an pa gen kay nan rapò a.
22. Yo p ap itilize sityasyon pasyan an pa rapò a imigrasyon kòm yon kritè pou detèmine kalifikasyon.
23. Lopital la itilize analiz previzyonèl pou ede l detèmine swen imanité lè pa gen aplikasyon pou èd finansye. Li itilize Transunion pou fè triyaj sa a. Rezilta sa yo p ap fè pasyan an pa kalifye pou asistans finansye. Si pasyan an ranpli yon aplikasyon pou èd finansye ak dokiman ki montre revni li pi ba pase kategori yo detèmine apati analiz previzyonèl la, y ap desann sa pasyan an gen pou l peye a rive a kantite ki pi ba a. Si konsomatè yo gen kesyon oswa pwoblèm konsènan ankèt la, yo kapab kontakte Transunion Customer Care Credit nan (800)-916-8800.
24. Rapò faktirasyon Lopital la ap konseye pasyan si yo resevwa yon èd finansye oswa yon rediksyon sou pèyman pèsònèl.
25. Lopital la pa itilize mwayen kòlèk ekstrawòdinè. Mwayen kòlèk ekstrawòdinè nou pa itilize se:
 - Sezi salè
 - Fè rapò bay ajans kredi
 - Vann tit kreyans
26. Tout pasyan ki gen pwoblèm ak politik èd finansye Lopital la oswa ak pwosesis la ka rele sou liy telefòn pou plent medikal Depatman Sante Eta New York State la nan 1-800-804-5447. Enfòmasyon sa yo disponib nan lèt refi tou.
27. Pou moun ki pa asire oswa ki pi ba 100% FPL la yo apwouve pou èd finansye, sa pasyan an ap gen pou l peye a se ap sèlman ti kantite ki site pi ba yo pou sèvis sa yo (Ale nan dokiman A pou valè yo):
 - Pasyan entène - \$150/egzeyat
 - Chiriji Anbilatwa - \$150/operasyon
 - Sal Ijans pou Adilt ak Sèvis Klinik - \$15/vizit
 - Sal Ijans Prenatal ak Pedyatrik ak Sèvis Klinik - okenn frè

28. Pou moun ki nan 300% FPL la oswa pi ba yo apwouve pou èd finansye, sa pasyan an gen pou l peye a ap baze sou griy pèyman k ap rive jiska valè Medicaid oswa Medicare t ap peye pou menm sèvis la (Ale nan dokiman A pou valè yo).
29. Politik èd finansye Lopital la touche moun ki pa asire ki soti 300% rive 500% FPL la yo apwouve pou èd finansye a (Ale nan dokiman A pou valè yo).
30. Moun ki pa gen asirans ki pi ba pase nivo 500% FPL la ki rete nan Zòn Lopital la ap bay sèvis swen primè ki resevwa swen medical nesèsè oswa swen ijans kalifye pou yon rediksyon pa koutwazi (Ale nan dokiman A pou valè yo).
31. Nan ka kote dokiman yo pa ta jistifye oswa yo ta retounen yon chèk Experian san enfòmasyon, y ap toujou redui frè yo rive nan kategori ki pi wo a kòm rediksyon pa koutwazi oswa 65% frè yo, kèlkeswa sa ki pi ba nan 2 yo.
32. Lopital la sèvi ak metòd retwospeksyon an pou l kalkile valè li faktire jeneralman. Yo dwe kalkile to èd finansye ak valè yo faktire jeneralman 30 avril pou pi ta chak ane. Yo sèvi ak to Medicare ak to aktè komèsyal yo lè y ap kalkile valè yo faktire jeneralman yo [Amounts Generally Billed (AGB)]. Pousantaj AGB a disponib sou demann nan nenpòt kote ki gen èd finansye. Apre yo fin detèmine kalifikasyon pou asistans finansye a, yo pa ka chaje yon moun ki kalifye pou asistans finansye plis pase valè yo faktire jeneralman an pou swen ijans oswa pou swen sante nesèsè.
33. Y ap fè yon konparezon ant % AGB ak kategori èd finansye pou pasyan ki tonbe nan 100% FPL la rive 500% oswa pi ba. Nivo maksimòm pou sèvis lopital yo nan dokiman A se (jiska 500% FPL la):
 - To pou vizit ED pa dwe depase 24% valè depans lopital.
 - To pou chiriji anbilatwa pa dwe depase 25% valè depans lopital.
 - To pou tretman medikal onkolojik pa dwe depase 19% valè depans lopital.
 - To pou Vizit/Patoloji/Ren/Egzamen Radyoloji/Tretman pa radyasyon pa dwe depase 19% valè depans lopital.
 - To pou admisyon pasyan pou entènè ann ijans pa dwe depase 26% valè depans lopital.
34. Lis pwofesyonèl lasante (ki pa pèsònèl lopital la) k ap bay swen ijans ak swen medikal nesèsè nan sèvis lopital la. Lis la montre si pwofesyonèl lasante yo anba politik èd finansye a ou pa.) Lis sa a rete yon anèks separe epi nou mete l ajou chak twa mwa. Pasyan ka jwen yon kopi sou sit entènèt èd finansye a sou <http://www.montefiorehealthsystem.org/body.cfm?id=69> oswa yo ka ale nan biwo èd finansye a oswa rele pou mande yon kopi papyè san peye pou sa: 12 North 7th Avenue Mt. Vernon, NY 10551 Main Cashiers Office 914-361-6899.

Tout eksepsyon nan limit pi wo yo dwe fèt ka pa ka epi sa ap mande apwobasyon Vis Prezidan Adjwen an, Kreyans Sèvis Sante [Health Service Receivables]; Vis Prezidan an, Sèvis Pwofesyonèl; oswa Vis Prezidan an, Finans. Pandan lopital la aplike politik li sa a, prensipal akò ak sèvis li dwe respekte tout lòt lwa, règ ak regleman nan nivo federal, Eta a ak lokal ki kapab aplikab pou aktivite l ap fè pou l aplike politik sa a.

Anèks A: Griy ak Nivo Èd Finansye

Nivo Povrete Federal 2019	Kategori Revni Brit (Limit siperyè)										
	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11
Gwosè fanmi an	100%	125%	150%	175%	185%	200%	250%	300%	400%	500%	Plis pase 500%
1	\$12,490	\$15,613	\$18,210	\$21,245	\$22,459	\$24,280	\$30,350	\$36,420	\$48,560	\$60,700	\$60,700
2	\$16,910	\$21,138	\$24,690	\$28,805	\$30,451	\$32,920	\$41,150	\$49,380	\$65,840	\$82,300	\$82,300
3	\$21,330	\$26,663	\$31,170	\$36,365	\$38,443	\$41,560	\$51,950	\$62,340	\$83,120	\$103,900	\$103,900
4	\$25,750	\$32,188	\$37,650	\$43,925	\$46,435	\$50,200	\$62,750	\$75,300	\$100,400	\$125,500	\$125,500
5	\$30,170	\$37,713	\$44,130	\$51,485	\$54,427	\$58,840	\$73,550	\$88,260	\$117,680	\$147,100	\$147,100
6	\$34,590	\$43,238	\$50,610	\$59,045	\$62,419	\$67,480	\$84,350	\$101,220	\$134,960	\$168,700	\$168,700
7	\$39,010	\$48,763	\$57,090	\$66,605	\$70,411	\$76,120	\$95,150	\$114,180	\$152,240	\$190,300	\$190,300
8	\$43,430	\$54,288	\$63,570	\$74,165	\$78,403	\$84,760	\$105,950	\$127,140	\$169,520	\$211,900	\$211,900
Pou chak moun ki ajoute anplis.	\$4,420	\$5,525	\$6,480	\$7,560	\$7,992	\$8,640	\$10,800	\$12,960	\$17,280	\$21,600	\$21,600

*Dapre Politik sou Povrete Federal 2019 la

Vizit nan Sal Ijans:

jiska 100% Nivo Povrete Federal	--	\$15 pou adilt epi \$0 pou prenatal ak pedyatri
jiska 125% Nivo Povrete Federal	--	\$35
jiska 150% Nivo Povrete Federal	--	\$45
jiska 175% Nivo Povrete Federal	--	\$65
jiska 185% Nivo Povrete Federal	--	\$110
jiska 200% Nivo Povrete Federal	--	\$155
jiska 250% Nivo Povrete Federal	--	\$180
jiska 300% Nivo Povrete Federal	--	\$225
jiska 500% Nivo Povrete Federal	--	\$700
Plis pase 500% Nivo Povrete Federal	--	to rediksyon koutwazi \$1,500

Admisyon Pasyan pou Entène an Ijans:

jiska 100% Nivo Povrete Federal	--	\$150 pa egzayat
jiska 125% Nivo Povrete Federal	--	\$300 pa egzayat
jiska 150% Nivo Povrete Federal	--	\$500 pa egzayat
jiska 175% Nivo Povrete Federal	--	\$2,800 pa egzayat
jiska 185% Nivo Povrete Federal	--	\$4,700 pa egzayat
jiska 200% Nivo Povrete Federal	--	\$6,600 pa egzayat
jiska 250% Nivo Povrete Federal	--	\$7,600 pa egzayat
jiska 300% Nivo Povrete Federal	--	\$9,500 pa egzayat
jiska 500% Nivo Povrete Federal	--	\$11,000 pa egzayat
plis pase 500% Nivo Povrete Federal	--	to rediksyon koutwazi \$16,000 pa egzayat

Vizit medikal (pou Kote Montefiore Travay, Klinik Swen Mantal, Klinik Onkoloji, Swen pou Ren, Laboratwa ak Patoloji):

jiska 100% Nivo Povrete Federal	--	\$15 pou adilt epi \$0 pou prenatal ak pedyatri
jiska 125% Nivo Povrete Federal	--	\$20
jiska 150% Nivo Povrete Federal	--	\$30
jiska 175% Nivo Povrete Federal	--	\$45
jiska 185% Nivo Povrete Federal	--	\$75
jiska 200% Nivo Povrete Federal	--	\$105
jiska 250% Nivo Povrete Federal	--	\$120
jiska 300% Nivo Povrete Federal	--	\$150
jiska 500% Nivo Povrete Federal	--	\$200
plis pase 500% Nivo Povrete Federal	--	to rediksyon koutwazi \$350

Entèvansyon Medikal Nesesè - Anbilatw (eksepte gastwo-entestinal):

jiska 100% Nivo Povrete Federal	--	\$150 pa entèvansyon
jiska 125% Nivo Povrete Federal	--	\$300 pa entèvansyon
jiska 150% Nivo Povrete Federal	--	\$400 pa entèvansyon
jiska 175% Nivo Povrete Federal	--	\$600 pa entèvansyon
jiska 185% Nivo Povrete Federal	--	\$1,000 pa entèvansyon
jiska 200% Nivo Povrete Federal	--	\$1,400 pa entèvansyon
jiska 250% Nivo Povrete Federal	--	\$1,600 pa entèvansyon
jiska 300% Nivo Povrete Federal	--	\$2,000 pa entèvansyon
jiska 500% Nivo Povrete Federal	--	\$3,500 pa entèvansyon
plis pase 500% Nivo Povrete Federal	--	To rediksyon koutwazi \$5,000

Entèvansyon Medikal Nesesè - Gastwo-Entestinal:

jiska 100% Nivo Povrete Federal	--	\$100 pa entèvansyon
jiska 125% Nivo Povrete Federal	--	\$150 pa entèvansyon
jiska 150% Nivo Povrete Federal	--	\$200 pa entèvansyon
jiska 175% Nivo Povrete Federal	--	\$300 pa entèvansyon
jiska 185% Nivo Povrete Federal	--	\$500 pa entèvansyon
jiska 200% Nivo Povrete Federal	--	\$700 pa entèvansyon
jiska 250% Nivo Povrete Federal	--	\$800 pa entèvansyon
jiska 300% Nivo Povrete Federal	--	\$1,000 pa entèvansyon
jiska 500% Nivo Povrete Federal	--	\$1,800 pa entèvansyon
plis pase 500% Nivo Povrete Federal	--	to rediksyon koutwazi \$2,500

Radyoloji - Radyografi:

jiska 100% Nivo Povrete Federal	--	\$15
jiska 125% Nivo Povrete Federal	--	\$15
jiska 150% Nivo Povrete Federal	--	\$15
jiska 175% Nivo Povrete Federal	--	\$15
jiska 185% Nivo Povrete Federal	--	\$15
jiska 200% Nivo Povrete Federal	--	\$15
jiska 250% Nivo Povrete Federal	--	\$15
jiska 300% Nivo Povrete Federal	--	\$15
jiska 500% Nivo Povrete Federal	--	\$50
plis pase 500% Nivo Povrete Federal	--	rediksyon koutwazi 100% To Endèmnite Blue Cross

Radyoloji - Itrason

jiska 100% Nivo Povrete Federal	--	\$15
jiska 125% Nivo Povrete Federal	--	\$20
jiska 150% Nivo Povrete Federal	--	\$25
jiska 175% Nivo Povrete Federal	--	\$30
jiska 185% Nivo Povrete Federal	--	\$35
jiska 200% Nivo Povrete Federal	--	\$40
jiska 250% Nivo Povrete Federal	--	\$45
jiska 300% Nivo Povrete Federal	--	\$50
jiska 500% Nivo Povrete Federal	--	\$100
plis pase 500% Nivo Povrete Federal	--	rediksyon koutwazi 100% To Endèmnite Blue Cross

Radyoloji - Mamografi:

jiska 100% Nivo Povrete Federal	--	\$25
jiska 125% Nivo Povrete Federal	--	\$30
jiska 150% Nivo Povrete Federal	--	\$35
jiska 175% Nivo Povrete Federal	--	\$40
jiska 185% Nivo Povrete Federal	--	\$50
jiska 200% Nivo Povrete Federal	--	\$60
jiska 250% Nivo Povrete Federal	--	\$70
jiska 300% Nivo Povrete Federal	--	\$90
jiska 500% Nivo Povrete Federal	--	\$130
plis pase 500% Nivo Povrete Federal	--	rediksyon koutwazi 100% To Endèmnite Blue Cross

Radyoloji - Ekanè CAT:

jiska 100% Nivo Povrete Federal	--	\$40
jiska 125% Nivo Povrete Federal	--	\$45
jiska 150% Nivo Povrete Federal	--	\$50
jiska 175% Nivo Povrete Federal	--	\$60
jiska 185% Nivo Povrete Federal	--	\$75
jiska 200% Nivo Povrete Federal	--	\$90
jiska 250% Nivo Povrete Federal	--	\$105
jiska 300% Nivo Povrete Federal	--	\$130
jiska 500% Nivo Povrete Federal	--	\$250
plis pase 500% Nivo Povrete Federal	--	rediksyon koutwazi 100% To Endèmnite Blue Cross

Radyoloji - IRM

jiska 100% Nivo Povrete Federal	--	\$150
jiska 125% Nivo Povrete Federal	--	\$175
jiska 150% Nivo Povrete Federal	--	\$200
jiska 175% Nivo Povrete Federal	--	\$250
jiska 185% Nivo Povrete Federal	--	\$300
jiska 200% Nivo Povrete Federal	--	\$350
jiska 250% Nivo Povrete Federal	--	\$400
jiska 300% Nivo Povrete Federal	--	\$500
jiska 500% Nivo Povrete Federal	--	\$550
plis pase 500% Nivo Povrete Federal	--	rediksyon koutwazi 100% To Endèmnite Blue Cross

Pou to lopital la pou 500% Nivo Povrete Federal la, gen yon konparezon ak Valè yo faktire jeneralman epi sa ki pi piti a sou responsablite pasyan an.

Tout kantite kòb ki mansyone pi wo yo anglobe kantite siplemantè Eta New York la.

Ou ka fè yon kontestasyon kont tout desizyon defavorab oswa kont tout aplikasyon yo ba w refi pou li nan yon delè 30 jou apre desizyon an.

Moun ki
apwouve l:

Colleen Blye

Colleen Blye
Vis Prezidan Egzekitif

Dat: 30 avril 2019